

## APLIKASYON POU VIN PWOPRIYETÈ

### ENSTRIKSYON YO:

1. **VOYE YON (1) SÈL APLIKASYON POU CHAK FWAYE.** Ou ka vin diskalifye si nou resevwa plis pase (1) aplikasyon pou tiraj-osò a pou oumenm ak gwoup moun ki rete nan kay avèk ou (se sa rele fwaye ou).
2. **N ap chwazi aplikasyon yo owaza nan yon tiraj-osò. Selon kantite aplikasyon nou resevwa yo, nou gendwa pa ka travay sou yo tou. Se poutèt sa, ou gendwa pa jwenn yon repons.** Nou rekòmande tout kandidan ki voye aplikasyon yo pou yo swiv sant resous lojman sou entènèt Minisipalite Vil New York la te kreye ([www1.nyc.gov/site/housing/resources/resources.page](http://www1.nyc.gov/site/housing/resources/resources.page)) pou rete okouran nouvo opòtinite nan lojman yo kapab aplike. Si ou aplike pou plizyè bilding, tankou sa ki kote ki pa premye chwa ou yo, sa ka ogmante chans pou yo travay sou youn nan aplikasyon ou yo.
3. **Ou fèt pou ranpli premye twa (3) seksyon yo (Seksyon A, B, ak C) epi siyen ak mete dat la sou aplikasyon an pou yo te evalye aplikasyon ou a si yo chwazi l pou pwochen etap la. Aplikasyon an dwe ranpli kòrèkteman. Si ou pa mete enfòmasyon konplè konsènan kantite moun ak non moun nan fwaye a k ap aplike pou viv nan apatman an, oswa revni yo, nou ka vin diskalifye. Answit, pa itilize likid blan pou kouvri fòt ou te fè okenn kote nan aplikasyon an. Si ou bezwen korije yon fòt, ou fèt pou w (a) pase yon trè byen pwòp sou enfòmasyon an, (b) ekri nouvo enfòmasyon an byen pwòp akote li, epi (c) mete inisyal ou akote koreksyon an.**
4. Lè ou fin ranpli li, ou fèt pou voye aplikasyon sa a pa lapòs nòmalye SÈLMAN nan adrès ki anba la a. Pou garanti li rive nan Bwat Postal la, piga ou itilize lèt sètifye, mande pou voye yon resi ba ou lè li rive, oswa okenn metòd ki bezwen yon siyati konfimasyon.
5. Dat lapòs ki make sou anvlòp aplikasyon an pa sipoze pi ta pase **3 AVRIL 2018**.
6. Se sèlman aplikasyon an ou bezwen voye nan moman an. Si yo chwazi aplikasyon ou an pou ale nan pwochen etap la, se lè sa a n ap mande ou plis enfòmasyon.
7. Voye aplikasyon ou fin ranpli a pa lapòs bay:

### NEHEMIAH SPRING CREEK PHASE 4A

P.O. Box #129004

BROOKLYN, NY 11212-9997

8. **Piga nou peye okenn moun pou prepare oswa depoze aplikasyon sa a.** Piga okenn moun fè nou peye frè koutye oswa aplikasyon. Si yo chwazi aplikasyon ou an pou ale nan pwochen etap la, se sèl sa konpayi jesyon pwopriyete (management) lan ka pran touche pou yon frè verifikasyon kredi yo pa ranbouse. Pou apatman ki gen limit sou revni yo mete sou 80% oswa mwens nivo Revni Mwayèn Zòn (Area Median Income, AMI) Vil New York la, frè a pa sipoze depase \$25 pou chak aplikasyon (pou fwaye ki gen 1 oswa 2 adilt), oswa \$50 (pou fwaye ki gen 3 oswa plis adilt). Pou apatman ki gen limit sou revni yo mete sou 80% oswa plis Revni Mwayèn Zòn (AMI) la, frè a pa sipoze depase \$50 pou chak aplikasyon (pou fwaye ki gen 1 oswa 2 adilt), oswa \$75 pou chak aplikasyon (pou fwaye ki gen 3 oswa plis adilt).

9. Kalifikasyon Selon Revni: Tanpri gade tablo ki nan piblisite pwojè a ki detaye nivo revni ki obligatwa a pou pwogram lojman HPD pou bilding ou te aplike pou li a, selon kantite moun ki nan fwaye a. Nou fèt pou mete tout sous revni tout moun ki nan fwaye a nan aplikasyon an. An jeneral, yo kalkile revni avan dediksyon pou pifò aplikan, men yo analize revni apre dediksyon an pou aplikan k ap travay ak tèt yo. Y ap konsidere revni apre dediksyon pou biznis ane sa a ak ane avan yo pou aplikan k ap travay ak tèt yo, aplikan sa yo dwe gen omwen de (2) a twa (3) ane konplè nan menm domèn travay endepandan an. Answit, fòk nou kapab jwenn dokiman prèv ak verifye tout sous revni yo. Si yo chwazi aplikasyon w la pou pwochen etap la, y ap kontakte ou nan metòd ou te chwazi sou aplikasyon an (pa imèl oswa lapòs) ak yon lis dokiman w ap bezwen bay lè sa a.
10. Lòt Faktè Kalifikasyon: An plis kondisyon pou revni yo, gen lòt faktè kalifikasyon tou. Kèk nan faktè kalifikasyon sa yo se:
- Dosye Kredi
  - Verifikasyon Kazyè jidisyè
  - Dokiman ki bay Prèv Bye pou Fè Depo Garanti ak Depans pou Konklizyon Lavant la
  - Kalifikasyon pou yon Ipotèk Kondominyòm
  - Kalifikasyon kòm yon Fwaye- yo te kreye pwogram lojman Ajans lan pou moun, fanmi ak fwaye ki ka bay prèv yo depann sou youn ak lòt pou lajan kòm yon fwaye. Pwogram ki pa chè sa yo pa fèt pou "sitiyasyon kolokatè" epi kalite aplikan sa yo kapab pa kalifye selon kritè fwaye a.
  - Bezwen Kontinye - Aplikan nan pwogram lojman ki pa chè HPD yo dwe montre yo gen yon bezwen kontinye pou asistans ak lojman lè yo evalye byen yo ak kijan revni yo te ye resaman.
  - Pwopriyete - Piga okenn moun nan fwaye a posede, oswa te achte, okenn pwopriyete rezidansyèl, tankou aksyon nan yon koperativ.
  - Limit sou Byen - Genyen yon limit sou total montan byen yon fanmi kapab genyen (eksepte kont ekonomi pou ki sèlman ou retrèt oswa inivèsite). Pou yon inite pwopriyete, valè byen fwaye aplikan an pa dwe depase limit revni kat (4) moun HUD pou 175% revni mwayèn zòn (AMI) plis montan pou depo garanti ki nesèsè yo. Limit sou byen pou vin pwopriyete inite yo se \$ 166950 plis yon depo garanti 5%.
11. Preferans pou Aplikasyon ak Inite yo Mete Akote: Gen yon preferans jeneral nan tiraj-osò a pou moun ki rezidan Vil New York nan moman an. Fwaye ki pa nan Vil New York yo mèt aplike, men y ap bay aplikasyon yo mwens priyorite epi y ap travay sou yo sèlman apre tout aplikasyon ki rezidan Vil New York yo. Yo mete yon pousantaj inite apa pou moun ki gen andikap pou deplase, tandè, ak wè, epi gen plis preferans pou moun k ap viv nan komite kominote bilding sa a ak moun ki te anplwaye minisipal nan Vil New York. Kapab gen preferans pou pwojè espesifik. Tanpri pran san w pou w reponn kesyon yo ki sou aplikasyon an pou ede idantifye preferans sa yo.
12. Kondisyon pou se Rezidans Prensipal: Nenpòt aplikan yo apwouve pou bilding sa a dwe abite nan nouvo kay sa a ki dwe rezidans prensipal yo. Si yo apwouve aplikan an pou yon inite lojman ki pa chè, aplikan an dwe remèt nenpòt inite l ap viv kounye a. Chak moun nan fwaye aplikan ki lwe pwopriyete imobilye rezidansyèl lokasyon dwe anile kontra a ak remèt pwopriyete lokasyon sa a nan dat yo achte yon inite pwopriyete ki pa chè oswa avan sa. Pou yon aplikan ka vin pwopriyete yon inite ki pa chè, li fèt pou dakò pou kontinye rete nan lojman ki pa chè a kòm sèl rezidans prensipal li, epi li sipoze abite nan kay la pou 270 jou oswa plis chak ane, ak eksepsyon pou jou li pase nan travay militè aktif oswa lè li lwe yon lòt moun (sou-lokasyon) apatman an (si dokiman reglemantè pwojè a pèmèt sa).

13. Moun ki Soumèt Fo Enfòmasyon oswa Enfòmasyon ki pa Konplè: Moun k ap aplike yo dwe konnen sa a se yon pwogram lojman ak asistans gouvènmanal. Si yon moun soumèt fo enfòmasyon oswa li fè ekspès li bay enfòmasyon ki pa konplè (swa nan aplikasyon sa a oswa nenpòt lòt dokiman li te bay pou verifikasyon), non sèlman y ap diskalifye aplikasyon an, men yo ka transfere enfòmasyon sa a bay otorite ki apwopriye a pou fè sa ki nesèsè - epi yo ka mennen li devan tribinal pou zak sa a. Depatman Ankèt Vil New York (New York City Department of Investigation), ki se yon ajans aplikasyon lalwa Vil New York, gendwa egzaminen tout papyè ak dokiman aplikan yo soumèt.

## A. Non ak Adrès (Obligatwa)

<b>Prenon, Inisyal Dezyèm Prenon, ak Siyati, Tit:</b>	
<b>Adrès nan Moman an Liy 1:</b>	
<b>Adrès nan Moman an Liy 2:</b>	
<b>Vil:</b>	
<b>Eta:</b>	
<b>Kòd Postal:</b>	
<b>Telefòn Selilè:</b>	
<b>Telefòn Kay:</b>	
<b>Telefòn Travay:</b>	
<b>Imèl:</b>	
Depi konbyen tan w ap viv nan adrès sa a? _____ Ane, _____ Mwa	
Tanpri chwazi <b>youn</b> nan metòd sa yo, swa imèl oswa lapòs, kòm metòd kominikasyon ou pito pou TOUT korespondans nou gen pou voye ba ou konsènan aplikasyon sa a pi devan. Si adrès postal ou pito a diferan ak sa ki anwo a, tanpri endike adrès postal ou pito nan espas vid nou mete pou sa:	
<input type="checkbox"/> Imèl: _____	
<input type="checkbox"/> Lapòs (presize si adrès postal la diferan ak sa ki anwo a): _____	

## B. Enfòmasyon sou Fwaye a (Obligatwa)

**NOTIFIKASYON SOU LWA KONSÈNAN PWOTEKSYON VI PRIVE A** - Lwa Konsènan Pwoteksyon Lavi Prive 1974 la, jan yo te amande li a, egzije pou ajans k ap mande Nimewo Sekirite Sosyal yo pou fè konnen (a) si konfòmite ak demann nan volontè oswa obligatwa, (b) poukisa y ap mande enfòmasyon an; epi (c) kijan yo pral itilize li. Se sèlman si ou vle w ap bezwen bay Nimewo Sekirite Sosyal ak/oswa Nimewo Idantifikasyon Kontribyab sou aplikasyon a. Nou pral itilize Nimewo Sekirite Sosyal ak Nimewo Idantifikasyon Kontribyab ou bay ak volonte ou yo sou aplikasyon sa a sèlman pou etabli yon metòd òganize ak espesifik pou idantifye aplikan yo k ap chèche lojman ki pa chè nan Vil New York, nou pral kenbe yo yon kote sekirize, epi nou pa pral itilize oswa apataje yo pou okenn lòt rezon. Si w pa bay yon Nimewo Sekirite Sosyal oswa Nimewo Idantifikasyon Kontribiyab nan aplikasyon sa a, sa pa pral lakòz nou diskalifye ou nan moman an. Si yo chwazi aplikasyon w lan pou ale nan pwochen etap la, pwopriyete bilding lan gen dwa pou mande enfòmasyon sa a pou li ka verifiye kredi ou.

### Konbyen moun, ak ou menm ladan, ki pral viv nan inite w ap aplike pou li a?

Mete non TOUT MOUN ki pral viv nan inite w ap aplike a, kòmanse ak tèt ou (Moun ki Antèt Fwaye a), epi bay enfòmasyon sa yo. Tanpri endike si moun ki nan fwaye a gen yon andikap. Si repons la se wi, èske ou t ap dekri andikap la kòm yon andikap pou deplase <b>(MI)</b> , andikap pou wè <b>(VI)</b> , oswa andikap pou tande <b>(HI)</b> :								
Prenon, Inisyal Dezyèm Prenon, ak Siyati, Tit:	SSN / TIN (Si ou vle bay yo)	Relasyon ak Aplikan an	Dat Nesans (MWA/JOU/ANE)	Sèks	Metye	Li andikape?		
						MI	VI	HI
		Chèf Kay la						

Èske oumenm oswa yon moun nan fwaye ou se yon Veteran Fòs Lame Ameriken?  Wi  Non

\* Tanpri gade Definisyon Kalifikasyon anba a.

Si ou te tcheke swa pwoblèm pou deplase, wè, oswa tande, èske ou gen yon moun nan fwaye ou ki bezwen yon aranjman espesyal?

Wi - tanpri presize ki aranjman li bezwen: \_\_\_\_\_

Non

\* Definisyon veteran ki soti nan 38 USC 101 (2):

Mo "veteran" an vle di yon moun ki te sèvi nan fòs lame, lamarin oswa lame-de-lè aktif, epi yo pa te ranvwaye li yon fason dezonorab.

### C. Revni (Obligatwa)

<b>Kesyon 1</b>	
Èske ou menm oswa yon moun nan fwaye ou se yon anplwaye Minisipalite Vil New York (City of New York), Sosyete Devlopman Lojman Vil New York (New York City Housing Development Corporation), Sosyete Devlopman Ekonomik Vil New York (New York City Economic Development Corporation), Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority), oswa Sosyete Sante ak Lopital Vil New York (New York City Health and Hospitals Corporation)?	<input type="checkbox"/> Wi  <input type="checkbox"/> Non
Si repons la se wi, tanpri presize ajans lan oswa antite kote ou menm oswa yon moun nan fwaye ou ap travay.	
<b>Kesyon 2</b>	
Si ou te reponn "wi" pou Kesyon 1 pi wo a, èske ou pèsònèlman te jwe okenn wòl oswa patisipasyon nan okenn pwosesis, desizyon, oswa apwobasyon konsènan devlopman lojman ki nan aplikasyon sa a?	<input type="checkbox"/> Wi  <input type="checkbox"/> Non

**Remak:** Si ou te reponn "wi" pou Kesyon 1 pi wo a, ou ka oblije soumèt yon deklarasyon patwon ou ki di aplikasyon ou a pa kreye yon konfli denterè. Si ou te reponn "wi" pou Kesyon 2 pi wo a, w ap oblije soumèt yon deklarasyon patwon ou ki di aplikasyon ou a pa kreye yon konfli denterè. W ap bezwen deklarasyon sa a pita nan pwosesis aplikasyon an apre yo te chwazi ou nan tiraj-osò a, lè w ap bezwen bay lòt dokiman pou verifiye revni ak kalifikasyon ou tou.

**ANPLWAYE HPP SÈLMAN:** Si ou se yon anplwaye HPD, tanpri li Lòd Komisyonè a konsènan konfli denterè epi konsilte avèk Biwo Zafè Jiridik (Office of Legal Affairs) ajans la avan ou soumèt aplikasyon ou an.

#### 1. Revni nan Travay

Metè revni ki soti nan tout travay a tan konplè ak/oswa tan pasyèl pou TOUT MOUN NAN FWAYE a ak tèt ou ladan, KI PRAL VIV AK OU nan kay w ap aplike pou li a. Metè salè nan travay endepandan:

Moun k ap Viv nan Fwaye a	Non ak Adrès Anplwayè	Kantite tan nan Travay la		Salè	Peryòd (chak semèn, chak kenzen, de (2) fwa pa mwa, chak mwa, chak ane)	Revni Anyèl Anvan Dediksyon
		Ane	Mwa			
<b>Moun Chèf Kay la</b>						

## 2. Revni Sous Lòt

<p>Metete tout lòt sous revni pou tout moun nan fwaye a, pa egzanp, asistans piblik (tankou asistans ak lojman), AFDC, Sekirite Sosyal, SSI, pansyon, konpansasyon travayè, konpansasyon pou chomaj, revni enterè, lajan nan gade timoun, pran swen moun, lajan ansyen mari/madanm sipoze peye, lajan yon jij pase lòd pou peye pou yon timoun, anwite, dividann, revni nan pwopriyete lokasyon, Rezèv Fòs Lame, bous ak/oswa sibvansyon, revni kado, elatriye.</p>				
Moun k ap Viv nan Fwaye a	Kalite Revni	Kantite Dola	Peryòd (chak semèn, chak kenzen, de (2) fwa pa mwa, chak mwa, chak ane)	Revni Anyèl Anvan Dediksyon
Moun ki Chèf Kay la				

## 3. REVNI TOTAL FWAYE A PA ANE

Ajoute TOUT Revni Anyèl Anvan Dediksyon (Seksyon 1 ak 2 anwo a) epi mete REVNI TOTAL FWAYE A PA ANE:

## 4. Byen

<p>Èske gen byen pou fwaye sa a? Egzanp byen gen ladan kont kouran, kont depay, byen ekonomi (aksyon, obligasyon, fon retrèt, elatriye), byen imobilye, lajan kach ou nou sere, lòt kalite investisman, elatriye.</p>	<input type="checkbox"/> Wi  <input type="checkbox"/> Non	
<p>Si repons la se "wi," tanpri endike byen pou chak moun nan fwaye a:</p>		
Moun k ap Viv nan Fwaye a	Kalite Byen / Kont	Branch
Moun ki Chèf Kay la		

## D. Pwopriyetè Kay Kounye a

- New York City Housing Authority (NYCHA)
- Yon Lòt Pwopriyete Vil la (In Rem)
- Yon konpayi oswa Òganizasyon
- Yon Moun

Non Pwopriyetè a (Non Konpayi, Òganizasyon, oswa Moun nan)	Adrès Pwopriyetè a	Nimewo Telefòn Pwopriyetè a
Konbyen pri total lwaye nan apatman w ap viv kounye a oswa w ap viv pou yon ti tan?	_____ chak mwa	
Konbyen ou kontribye nan pri total lwaye apatman an? Si ou pa bay anyen, ekri "0."	_____ chak mwa	

## E. Sous Enfòmasyon

Ki jan ou te tande pale sou pwopriyete sa a? Tanpri tcheke tout sa ki aplike:		
<input type="checkbox"/>	Jounal	"Liy dirèk pou kay ki pa chè" Vil la
<input type="checkbox"/>	Òganizasyon lokal oswa legliz	Zanmi
<input type="checkbox"/>	Afich ki sou pwopriyete a	<a href="http://www.nyc.gov/housingconnect">www.nyc.gov/housingconnect</a>
<input type="checkbox"/>	Bilten Enfòmasyon kominotè	Reprezantan eli
<input type="checkbox"/>	Lòt sit entènèt:	Lòt:

## F. Idantifikasyon Konsènan Gwoup Etnik

Se sèlman si ou vle ou bezwen bay enfòmasyon sa yo epi yo p ap afekte fason nou travay sou aplikasyon an. Tanpri tcheke gwoup ki idantifye fwaye ou a pi byen:		
<input type="checkbox"/>	Blan (ki pa orijin Panyòl)	Nwa
<input type="checkbox"/>	Orijin Panyòl	Azyatik oswa Natifnatal Zile Pasifik
<input type="checkbox"/>	Endyen Ameriken\Natifnatal Alaska	Lòt:

## G. Lang

Nan ki lang ou ta renmen nou kontakte ou konsènan aplikasyon ou an? Tanpri chwazi youn: Si ou pa chwazi yon lang, n ap kominike avèk ou ann Angle.		
<input type="checkbox"/>	English	한국어 (Korean)
<input type="checkbox"/>	简体中文 (Chinese)	Русский (Russian)
<input type="checkbox"/>	Kreyòl Ayisyen (Haitian Creole)	Español (Spanish)
<input type="checkbox"/>	(Arabic) العربية	

## H. Siyati (Obligatwa)

MWEN (NOU) DEKLARE DEKLARASYON YO KI NAN APLIKASYON SA A SE VERITE EPI YO KONPLÈ DAPRÈ SA MWEN (NOU) KONNEN. Mwen (Nou) pa te kenbe, falsifye, oswa bay okenn move enfòmasyon nan okenn lòt fason. Mwen (Nou) konprann Depatman Ankèt (Department of Investigation, DOI) Vil New York, yon ajans aplikasyon lalwa ki mennen ankèt sou posiblite pou gen fwod nan pwogram Vil la finanse, ka egzaminen tout enfòmasyon mwen (nou) bay pandan pwosesis aplikasyon sa a. Mwen (Nou) konprann konsekans pou moun ki bay fo enfòmasyon oswa enfòmasyon yo konnen ki pa konplè pou yo ka kalifye pou pwogram sa a kapab gen ladan diskalifikasyon aplikasyon mwen (nou) an, fen kontra lwaye mwen (nou) an (si yo ta dekouvi sa apre yo fin bay nou kay la), ak referans devan otorite ki apwopriye yo pou pouswit devan lajistis.

MWEN (NOU) DEKLARE NI MWEN (NOU), NI NENPÒT FANMI PWÒCH MWEN (NOU) P AP TRAVAY POU PWOPRIYETÈ BILDING LAN OSWA DIREKTÈ LI YO.

Siyati: \_\_\_\_\_ Dat la: \_\_\_\_\_

Siyati: \_\_\_\_\_ Dat la: \_\_\_\_\_

---

### SÈLMAN BIWO A KA ITILIZE SEKSYON SA A (OFFICE USE ONLY)

Person with Disability:                 Mobility             Visual                 Hearing  
Community Board Resident:         Yes                  No  
Municipal Employee:                 Yes                  No  
Size of Apartment Assigned:         Studio              1BR                 2 BR                 3 BR                 4 BR  
Family Composition:                Adult (Males)        \_\_\_\_\_ Adult (Females)        \_\_\_\_\_  
    Children (Males)    \_\_\_\_\_ Children (Females)    \_\_\_\_\_  
TOTAL VERIFIED HOUSEHOLD INCOME: \$ \_\_\_\_\_ PER YEAR